Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

# ИУДЗИНАД

Форум осетинских фамилий

№1 май 2015 года
№1 2015 азы зæрдæвæрæны мæй

Газета Северо-Осетинского республиканского общественного движения "Иудзинад"
Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы газет


# "Иудзинад"-ы сидт ирон мыггæгтæм

**Фарн уæм бадзурæд, Ирыстоны дзыллæ!**

**Ныртæккæ не 'гъдау, нæ мадæлон æвзаг цы уавæры сты, уый алчидæр зоны. Нæ фыдæлтæ нын бæрзонд, сыгъдæг æгъдау ныуагътой, фæлæ йæ мах нæ кæстæртæм куыдæй ратдзыстæм?**

**Уыдæттыл хъуыды кæнгæйæ, 2014 азы 18 майы Дзæуджыхъæуы сæ форуммæ фыццаг хатт æрæмбырд сты ирон мыггæгты минæвæрттæ. 1500 делегаты æрныхас кодтой цалдæр ахсджиаг фарстайыл.**

**Уыдонимæ — бахъахъхъæнын нæ табуйаг хæхбæстæ, нæ табуйаг кувæндæттæ. Иннæ фарста — нæ республикæйы Конституцимæ ивддзинæдтæ бахæссын, цæмæй дзы фыст æрцæуа "ирон æгъдау ирон адæмы цардарæзты сæйраг-дæр кæй у", уый тыххæй уагæвæрд — ирон æгъдау хъуамæ хъахъхъæд цæуа закъонмæ гæсгæ.**

**Æртыккаг фарста — Иудзинады мæсыг æмæ къонайы арæзтад. Уыцы мæсыг æмæ къона саразын хъæуы æппæт мыггæгтæн иумæ нæ сæйраг сахары мидæг. Уый фæрцы нæ ирон æгъдау фидар-дæр уыдзæн, нæ иудзинад та æнгомдæр кæндзæн.**

**Куыд зонæм, афтæмæй нæ дихтæ чи кæны, ахæм фарстатæ бирæ сты. Фæлæ æргом аздахын хъæуы, иу нæ чи кæны, уыцы хъуыддæгтæм. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм мæсыг æмæ къона аразгæ сты æмзонд-æмвæндæй. Хъуамæ алчидæр бамбара, туджджынтæ иудзинады мæсыг кæй нæ фæамайынц, уый. Хъуамæ кæрæдзийæн ныббарæм, хъуамæ кæрæдзийæ хатыр ракурæм нæ бирæ рæдыдтыты тыххæй. Къостайы загъдау "дæ фыдæлтæ рухсаг, дæхæдæг мын бæзз".**

**Нæ кæстæртæн хъуамæ ныуадзæм нæ диссаджы райгуырæн бæстæ, нæ фыдæлты сыгъдæг æгъдæуттæ æмæ иудзинад. Уымæн æмæ зонæм: иудзинад кæмæ нæй, уыцы адæмæн фидæн дæр нæй.**

**Æгъгъæд фæуæд дихтæ кæнынæн. Æрцыд рæстæг нæ дадзинтæм æркæсынмæ, алчидæр нæ кæйдæр хæрæфырт у. Иу мыггаг дæр йæхицæй нæ рæзы. Уыимæ, мыггаг бындур кæй у, уый дызæрдыггаг нæу. Хъуамæ алы мыггагæн дæр уа мыггаджы ныхас. Ныридæгæн бирæтæ рауагътой мыггаджы чингуытæ, скодтой мыггаджы бæлæстæ. Æмæ уыцы хъуыддæгтæ арфæйаг сты, алы мыггаг дæр хъуамæ афтæ бакæна.**

**Æмæ нæ мыггæгты сæрæндæр æмæ æгъдауджындæр минæвæрттæ (алы мыггагæй дæр — иу) хъуамæ æрвыст æрцæуой "Иудзинад"-ы цæдисмæ. Уыдон рæстæгæй-рæстæгмæ æмбырдтæ кæндзысты æмæ-иу цы уынаффæтæ рахæссой, уыдон не 'ппæтæн дæр æрвылбоны царды хъуамæ æххæстгæнгæ уой. Нæхæдæг куы нæ базмæлæм, уæд ацы хъуыддæгтæ ничи сараздзæн.**

**Сидæм æппæт ирон адæммæ дæр: æрцыд рæстæг кæрæдзийы фарсмæ æрбалæууынæн, цæмæй нæ фидæны фæлтæртæ уой кувæг адæм, дзурой ирон æвзагыл, цæрой сæ фыдæлты фарны бæстæйы.**

### Цели и задачи движения "Иудзинад":

консолидация осетинского народа, укрепление национального единства, воспитание у представителей народа чувства национальной гордости, патриотизма и интернационализма;

формирование, укрепление и развитие национального самосознания осетинского народа — ирон æгъдау;

духовно-нравственное развитие осетинского народа;

сохранение самобытности и национальной культуры осетинского народа, при соблюдении прав и свобод граждан других национальностей;

сохранение и развитие осетинского языка;

сохранение историко-культурных памятников, культовых строений, мест традиционного молитвословия (святилищ, кувандонов), позитивных национальных традиций, обычаев, праздников;

содействие развитию науки, образования и искусства, духовно-нравственных начал в Республике Северная Осетия-Алания;

формирование демократических ценностей гражданского общества в Республике Северная Осетия-Алания;

охрана здоровья, пропоганда и развитие физической культуры и спорта в Республике Северная Осетия-Алания;

участие в различных формах борьбы с коррупцией, наркоманией, алкоголизмом, демографическими проблемами, безработицей, безнадзорностью, беспризорностью и иными негативными социальными явлениями в Республике Северная Осетия-Алания;

укрепление дружбы и взаимопонимания между народами, проживающими в Республике Северная Осетия-Алания и на сопредельных территориях;

сохранение природы Республики Северная Осетия-Алания, а также экологическое и санитарно-эпидемиологическое благополучие населения, проживающего в Республике Северная Осетия-Алания.

*(Из Устава Северо-Осетинского республиканского общественного движения "ИУДЗИНАД")*

**Арфæйаг фæндтæ**

# "Иудзинады мæсыг æмæ къона"

**Ног æхсæнадон змæлд цы нысантæ æмæ проекттыл кусы, уыдонæй иу у "Иудзинады мæсыг æмæ къона". Ацы цымыдисаг проекты тыххæй радзырдта "Иудзинад"-ы советы уæнг МÆРЗОЙТЫ Тамерлан:**

— Алы адæмæн дæр ис райгуырæн зæхх, мадæлон æвзаг, фыдæлтыккон æгъдæуттæ. Æмæ се 'ппæт дæр уыдон бахъахъхъæнынил архайынц. Махæн дæр уый у нæ сæйраг хæс.

Не сфæлдисæг Хуыцау у, æрдз у, уый нæ зонын, фыдæлтæ не сфæлдисæджы хуыдтой Хуыцау, æмæ йæ æз дæр афтæ хонын. Уый уарзы стыр алыхуызондзинад. Уымæ гæсгæ сфæлдыста бирæ алыхуызон адæмыхæттытæ. Æмæ сæ иу дæр иннæтæй бæрзонддæр æвæрд хъуамæ ма уа. Куыд зонæм, афтæмæй райдайæнты ииуылдæр Хуыцаумæ кодтой кувгæ. Уырыс æмæ иннæтæ дæр куывтой:"Слава Богу!". Фæлæ кæйдæр сæрæн къухæй фыст динтæм гæсгæ адæмтæ систы курæг, хатыр курæг сæ фыдæлты тæригъæдты тыххæй.

А дунейы ма æрмæст ирæттæ кувынц Хуыцаумæ сыгъдæгзæрдæйæ (кæй зæгъын æй хъæуы, уыдон дæр се 'ппæт нал). Æнæ кургæ мах дæр не стæм, фæлæ кургæ кодтам — уый дæр аивæй — Хуыцауы сконд зæдтæй сæ кувæндæтты. Уæларвон хъарутæ уыдысты Елиаты бар, дымгæты бардуаг уыдысты Гæрагон зæдтæ, Уациллатæ



— хорты бардуаг, фыдбылызсафæг, амондхæссæг, Аларды — рынты бардуаг, Фæлвæра — фосы бардуаг, Мадымайрæм — сылгоймæгты æмæ сабиты бардуаг, Мыкалгабыртæм — уды бартæ, Хуыцауы стыр минæвар Уастырджи — байрагæй бæхгæнæг, лæппуйæ лæггæнæг, нæлгоймæгты, бæлццæтты æмæ æфсæддонты бардуаг. Æмæ бирæ æндæр зæдтæ æмæ дауджытæ. Се 'ппæты хорзæх дæр Ирыстоны уæд! Нæ кувинæгтæ сæм сыгъдæгæй хæццæ кæнæд!

Æмæ цалынмæ ирон лæг Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм æртæ чъиришæ кува, уæдмæ ацы дуне дзæгъæл нæу. Хуыцау ма зæгъæд, фæлæ дзы кувæг куы нал уа, уæд а дуне уыдзæн дзæгъæл.

Нæ фыдæлтыл-иу тугуарæн бонтæ куы акодта æмæ ма-иу сæ иугæйттæ куы баззад, уæддæр-иу хæзнайау хъахъхъæдтой се 'гъдау. Абон та топпы æнæ иу гæрахæй кæйдæр фыст динтыл нæ фæрныг æгъдау ивын райдыдтам.

Фыддæрагæн махæй иуæйиутæ дзурын райдыдтой "ирон дины", "æцæг дин" æмæ æндæр ахæмты тыххæй. Уый ма зоной, æмæ "дин" дæр ирон ныхас нæу. Ис ирон æгъдау, кæцыйæн йæ уд сты сыгъдæг уырнондзинад æмæ арф зонындзинæдтæ. Æмæ уд буарæй куы ахицæн кæнай, уæд дыууæ дæр амæлдзысты.

Куыд æй æрæййæфтам нæ фыдæлтæй, афтæмæй йæ уадзæм. Куыд зæгъдзыстæм æртæ чъирийæ кувæг лæгæй, Хуыцауыл не ууæнды, зæгъгæ?

**(Кæрон 2 фарсыл)**

Инициативы и проекты

# От форума "ALANIA" – к движению "Иудзинад": идеи и решения

**Год назад во Владикавказе состоялся "Национальный форум "ALANIA". Представители большинства осетинских фамилий высказали свое мнение по важным проблемам современной общественной жизни.**

**О решениях, принятых на форуме, о задачах и планах республиканского общественного движения "Иудзинад" рассказывает член совета движения Батраз КУЧИЕВ:**



— Как множество ярких, сверкающих граней драгоценного камня, придают ему блеск и красоту, так и фамилии осетинского народа, сливаясь со своей древней историей, уходящей вглубь веков, богатой самобытной культурой, придают нации особую неповторимость и уникальность.

Не будем сейчас заниматься долгим перечислением заслуг и достижений нашего народа, поговорим о дне сегодняшнем.

Чем же определяется каждый народ, и каждая нация? Несомненно, своими яркими представителями, личностями, во все времена являвшимися той силой, которая двигала вперед свой народ, благодаря которым, нация и народ развивались, прогрессировали, и имели, и имеют в своей истории величайшие памятники духовной и материальной культуры и исторические достижения.

Проносятся годы и столетия, одна историческая эпоха сменяет другую, но наш "ирон æгъдау", во многом, благодаря которому мы и сохранились как народ, и как уникальный этнос, не претерпел сколько-нибудь существенных изменений. Так же высоко чтятся нормы нашего "ирон æгъдау", так же по нему продолжают строиться взаимоотношения в нашем обществе. Очень хочется надеяться, что так будет и в будущем.

А от кого это зависит? От нас с вами, от каждого в отдельности, от осетинских фамилий, каждая из которых, по-своему неповторима и богата, как своим прошлым, так и своим настоящим. И чем лучше человек знает историю своей фамилии, тем больше он будет знать историю своего народа и тем выше он будет нести честь своей фамилии, и проникнется чувством своей личной ответственности за все происходящее с его народом, и в его фамилии. Укрепляя внутрифамильные отношения, мы, несомненно, влияем и на качество фамильных связей и по-настоящему становимся тем самым "Большим Сердцем", которое оплетено и пронизано жизненно важными артериями — фамилиями, от работы и участия каждой из которых и зависит наше общее существование как народа, как нации.

18 мая 2014 года в национально-культурном центре "Амран" инициативной группой был проведен "Национальный форум "ALANIA" (Форум осетинских фамилий). Надо сказать — впервые в истории осетинского народа. Участниками форума стали многочисленные делегаты от осетинских фамилий Северной и Южной Осетии. Огромный зал едва вместил участников форума. На рассмотрение представителям фамилий был представлен ряд вопросов, касающихся настоящего и будущего нашего народа.

После многочисленных выступлений и обмена мнениями, участники форума выразили единодушное желание сконцентрировать свои усилия на следующих актуальных вопросах, подготовив письменное обращение в Парламент РСО-Алания. Делегаты и гости форума предложили дополнить Конституцию Республики Северная Осетия-Алания статьями о том, что "важнейшей частью традиционной культуры осетинского народа является мировоззрение "ирон æгъдау", а также "горная часть территории Осетии выступает в качестве материальной основы духовного просвещения осетинского народа с древнейших времен и по настоящее время. Данные территории обладают особым статусом — "сакральные центры осетинского народа".

Особый интерес у присутствующих и делегатов форума, вызвало предложение о строительстве во Владикавказе национально-культурного комплекса "Иудзинады мæсыг æмæ къона", которое получило всеобщее одобрение с пожеланиями скорейшей реализации проекта.

Непосредственно после состоявшегося форума началась активная работа по выполнению решений, принятых "Национальным форумом "ALANIA". Координатором этой работы выступает республиканское общественное движение "Иудзинад", учрежденное после форума.

На сегодняшний день движение "Иудзинад", в большинстве своем состоящее из членов той самой "инициативной группы", которая подготовила и провела съезд осетинских фамилий, продолжает работу по претворению в жизнь идей и решений форума.

Общественное движение "Иудзинад", осознавая всю ответственность за взятые на себя обязательства, с большим вниманием относится к тем проблемам, которые на сегодняшний день имеют место в жизни нашего народа. Этих проблем немало. К примеру, вопрос изучения и функционирования осетинского языка. В связи с чем обращает на себя внимание тот факт, что до сих пор не утвержден закон "О государственных языках Республики Северная Осетия-Алания". На наш взгляд, принятие данного законопроекта способствовало бы развитию родного языка и сохранению национально-культурных ценностей нашего народа. Такого пристального внимания требуют и другие вопросы жизнеустройства нашего общества.

В офис движения "Иудзинад" обращаются многие наши сограждане с разнообразными вопросами, на которые они всегда получают своевременные и ясные ответы.

Пользуясь возможностью, от имени членов совета республиканского общественного движения "Иудзинад" обращаюсь ко всем родовым и фамильным советам, к отдельным представителям нации, ко всем, кому небезразличны судьба нашего народа, будущее наших детей, с предложением объединить усилия для своевременного разрешения тех проблем, которые мешают нашему успешному национальному развитию и уверенному движению вперед.

Приходите, обращайтесь со всеми беспокоящими Вас вопросами в области духовно-культурного развития нации, исполнения и отправления традиционных осетинских обрядов и обычаев, с предложениями и идеями в той или иной области культурного развития нашего древнего народа. Вы всегда найдете понимание, консультативную помощь и поддержку. Самые интересные предложения и идеи найдут отражение в газете и на сайте движения "Иудзинад".

Особо хочется подчеркнуть, что вся работа республиканского общественного движения "Иудзинад" подчинена интересам и направлена во благо нашего народа. Основой деятельности движения "Иудзинад" является работа с фамилиями при их полной и безусловной поддержке и одобрении.

Надеемся и рассчитываем на понимание, поддержку и активную совместную плодотворную работу.

# "Иудзинады мæсыг æмæ къона"

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Чидæртæ нæ ирон æгъдау хонынц расыггæнæн æгъдау. Уый ма зоной — æгъдау нуазгæ нæ кæны, нозты азары бахауы, æфсарм æмæ æгъдау кæмæ нæй, ахæм адæймаг. Фæлæ нæ хорз дæр æмæ не 'взæр дæр — нæхи. Æвзæрæн, дам, хорз цот вæййы, нæ бон хъуамæ уа кæрæдзийæн ныббарын æмæ ныххатыр кæнын.



Æхсæнады царды пайда æмæ дин куы фæзындысты, кæрæдзийы уæдæй нырмæ нал æмбарынц адæм. "Пайда" баивæн ис æцæг ирон ныхас "хорзæх"-æй (ома, хор æмæ зæхх — нæ дарæг). Æмæ ирон лæг ногæй хъуамæ цæрын байдайа хорзæхæн. Динтæ та цы адæмыхæттытæ æрхъуыды кодтой, уыдонæн æххуысгæнæг уæд. Мах та хъуамæ хæцæм нæ ирон æгъдауыл...

Фараст азы размæ мæ фыны федтон иу зæронд лæджы. Уый мын бирæ цыдæртæ фæдзырдта æмæ мын бафæдзæхста, ирон адæмы чи рбаиу кæна, ахæм "Иудзинады мæсыг æмæ къона" саразынил бакусын. Куы йæ бафарстон, ныр аразгæ цæмæн сты, зæгъгæ, уæд мын дзуапп радта: "Лæгæвзарæн заман та уыдзæнис. Æмæ уæм иудзинад куы нæ уа, уæд сар уæ сæр кæндзæн".

Нæ иугæнæг та у нæ рагфыдæлты æгъдау. Фыдæлтæй баззад ахæм фæтк: мыггаг-иу куы сбонджын, уæд-иу саразтой мæсыг. Иудзинад нæм куы уыд, уæд уыдыстæм бирæ адæм, бирæ зæххытæ нæм уыд, куы-иу ныддихтæ стæм, уæд та-иу нал знаг фæуæлахиз. Абон дæр лæгæвзарæн рæстæг у, æмæ нæм иудзинад куы нæ уа, уæд фидæны фесæфдзыстæм.

Æмæ та мæ зæрдыл æрлæууы уыцы зæронд лæг. Уый фæдзæхстмæ гæсгæ саразын хъæуы "Иудзинады мæсыг æмæ къона". Зæронд лæджы фæдзæхст 2014 азы 18 майы фехъусын кодтон ирон мыггæгты минæвæртты форумæн. Æмæ се 'ппæт дæр æмзæрдæйæ схъæлæс кодтой, цæмæй уыцы "Иудзинады мæсыг æмæ къона" саразæм Дзæуджыхъæуы. Хуыцау æмæ адæмы фæрцы бæлвырд бынат дæр йæхи амондзæн.

Уæдæ цæй мидæг ис "Иудзинады мæсыг æмæ къонайы" арæзтады мидис?

Мæсыг-иу амадтой иу абонæй иннæ абонмæ. Афтæ бакæнын хъæуы ныртæккæ дæр. Ирон мыггæгтæ сты дыууæ минæй уæлæмæ. Мыггаджы мæсыг кæмæн ис, уыдон хъуамæ сæ мæсгуыты сæрæй сисой фæйнæ æртæ дуры (æмæ сæ æндæртæй раивой) нæ иумæйаг арæзтадмæ. Сæ мæсыг кæмæн фехæлд, уыдон сæ мæсыджы хæлдтытæй хъуамæ æрбаласой фæйнæ авд дуры, мæсыг саразыны фадат кæмæн нæ уыд, уыдон та дуртæ хъуамæ æрласой сæ фыдæлты бындурæй. Цæгатæй-хуссарæй, суанг ма фæсарæнтæй дæр — кæмдæриддæр ис ирон мыггæгтæ, се 'ппæтæн дæр фадат ис арæзтады архайынæн. Ирыстоны зæххыл чи цæры, йæ хъысмæт ирон адæмимæ чи сбаста æмæ ирон æгъдауыл фидар чи хæцы, уыцы адæмыхæттыты минæвæрттæн дæр бар ис Иры хæхтæй дуртæ æрбаласынæн.

Авд уæладзыджы кæм уа, уыцы мæсыг хъуамæ арæзт æрцæуа 365 бонмæ. Алы бон дæр арæзтады хъуамæ архайой фондз-авд мыггаджы минæвæрттæ (рæстæмбис нымадæй алкæцы мыггаджы минæвæрттæм дæр æрхаудзæн иу бон). Афæдзы мидæг дзы алы бон дæр кусдзысты, дуры куыст чи зоны, ахæм разамонæг авд лæджы.

Мæсыджы фарсмæ аразгæ уыдзæн къона дæр. Уый дæр афтæ — гæнæн æмæ амалæй алкæйы бындурæй дæр æрбахæссын хъæудзæн урс дуртæ...

Мæсыджы фарсмæ æвæрд уыдзæн сæрмагонд капсулæ. Уым хъуамæ уа сидт нæ фидæны фæлтæртæм. 3000-æм азы йæ хъуамæ нæ байзæддæгтæ байгом кæной.

Мæсыг æмæ къона цы бон сцæттæ уой, уый нымад уыдзæн Иудзинады бæрæгбоныл. Стыр амондджын уаиккам, æмæ фидæны нæ байзæддæгтæ æртыккаг куывдæй алчи йæхи бынатæн куы нæ кувид, фæлæ-иу нæ иудзинады бынатæн къуымæл кæнæ бæгæныйæ куы скувиккой.

Афæдзы дæргъы-иу алчидæр йæхи цæттæ кæнид Иудзинады бæрæгбонмæ, цæмæй аивæй равдиса йæ ирон æгъдау, йæ дæсныдзинад нæртон симд æмæ хъæзтыты, йæ арæхстдзинад кадджытæ кæнынмæ æмæ зарынмæ...

Мæсыджы къултыл мидæгæй конд уыдзысты нывтæ нарты кадджытæй, къонайы къултыл та — нæ рухс кувæндæтты ныв-тæ. Къонайы мидæг уыдзæн тымбыл фынг æмæ Сафайы рæхыс дæр. Йæ бынмæ зынг иудадзыгдæр хъуамæ судзгæ кæна. Æхсæвæй-бонæй бынат хъахъхъæндзысты, стæй зынгмæ дæр сæ цæст дардзысты авд сæрæнгуырды. Чызджытæ та æфснайдæй дардзысты мæсыг æмæ къонайы алыварс, хурныгуылдмæ та-иу сæ хæдзæрттæ ссардзысты.

Къонайы мидæг уыдзæн "сыгъзæрин авдæн". Алкæцы рухс кувæндонæй дæр къонамæ хаст æрцæудзæн рахиз армыдзаг зæхх. Уыцы зæххыл лæудзæн авдæн. Æмæ алкæцы ноггуырды дæр уыцы авдæны йæ ныййарæг мад хъуамæ ауза. Йæ фыд та дыууæ æвдисæнимæ уыцы ран йæ хъæбулы хъуамæ Хуыцау æмæ йе сконд зæдтыл бафæдзæхса. Сывæллонæн уыцы ран хъуамæ радтой нæртон гуырды гæххæтт, йæ хъуырыл та йын хъуамæ 'рцауындзой фарасттигъон хур (æртæ æртæдзыхоны ныв).

Бирæ хорздзинæдтæ ма скæнæн уаид уыцы къонайы. Зæгъæм, къуырисæры аивады кусджытæ сабитæн нарты кадджытæ куыд кæсой, дыццæджы — куырыхон хистæрты ныхас, æртыццæджы — фæсивæды хъазт, цыппæрæмы, сабат æмæ хуыцаубоны та — сабиты фæдзæхсæн бонтæ. Фыдæлтæй баззад — авдæн кæм уа, уым æнæ чырын дæр нæ уыдзысты. Уымæ гæсгæ, майрæмбоны та зианджынтæн фадат уаид уым дыууæ кæрдзынæй рухсаг зæгъынæн, къуыриййы мидæг йе цæг дунемæ чи ацыд, уыдонæн...

Цард цард у, рæстæг йæ кæнонтæ кæны. Уæдæ ма хуыздæр зонд кæмæ уа, уыдоны уынаффætæ дæр уыцы ран æххæст кæниккам...

# Повседневная, систематическая работа и долгосрочные планы

**Цели и задачи определены, планы намечены. И кропотливая, целенаправленная работа уже ведется. Как будут выполняться принятые решения? Какие постулаты будут положены в основу повседневной, систематической работы? Обо всем этом рассказывают члены совета движения "Иудзинад".**

## Воспитание и образование молодежи

**— "Иудзинад" одним из основных направлений своей деятельности заявляет образовательную и воспитательную работу с молодежью. Какие принципы будут заложены в основу этой работы, и какие методы, на ваш взгляд, наиболее предпочтительны в образовании и воспитании подрастающего поколения на данном этапе?**



— Начиная с послевоенных лет, ошибочная, недальновидная политика государства по отношению к малым народам привела к весьма тяжелым последствиям. Населению насильно навязывался стереотип образованного космополита, для которого все национальное объявлялось пережитками прошлого. В стремлении создать общество однородных советских людей, национальная культура, традиции, родной язык вымывались из сознания.

На государственном уровне запрещалось проведение традиционных осетинских праздников, ритуалов, посещение святых для каждого осетина мест. В день Хетаджы Уастырджи все дороги в святую рощу бывали перекрыты милицией и руководителями разного ранга, в день праздника посещение рощи было запрещено. В те же годы из школ волевым решением вытеснили родной язык, и я сам в моем родном Алагире за десять лет обучения в школе ни одного дня его не изучал.

Все это привело к тому, что выросли целые поколения, частично или полностью оторванные от своих корней, и не имеющие должного представления о бесценном наследии нашего народа. "Ирон æгъдау" перестал быть основой нашего мировоззрения, особенно — в столице республики, где проживает половина ее населения.

Наши предки говорили: "Фарн хистæрæй цæуы" и были правы. Но, чтобы этот фарн доходил до младших, нужны мудрые старшие — носители этого фарна. А их сегодня в силу упомянутых выше причин, крайне не хватает. Создался большой пробел, вакуум в национальном воспитании.

Речь не идет о том, знают ли наши молодые порядок тостов за столом, хотя и это — неотъемлемая часть наших традиций. Гораздо важнее, с каким мировоззрением, носителями каких ценностей и на сколько сильными духом вступят они во взрослую жизнь. И если сегодня не заполнить этот вакуум, то завтра, когда сегодняшние мальчики и девочки будут управлять нашим обществом и республикой в целом, уже будет поздно.

Молодежь — это наше будущее. Поэтому ей нужно сегодня дать шанс узнать больше об истории Осетии, многовековой культуре народа, его нравственных и духовных ценностях, глубинном смысле и огромном значении "ирон æгъдау". Словом, одну из своих задач мы видим в том, чтобы помочь молодым установить устойчивую связь с корнями нашего народа, утерянную предыдущими поколениями. Это создаст в них хороший иммунитет против программирования извне, манипулирования ими (а такие попытки мы сегодня наблюдаем в СМИ и Интернете). Идет массированное навязывание чуждых нам стереотипов поведения, различных догм и разобщающих нас разрушительных идей.

В одном из своих выступлений В.В.Путин указывал на важность сохранения культурной традиции каждого народа. "Народом, утерявшим ее, легко манипулировать", — сказал он.

Мы, члены движения "Иудзинад", полностью с этим согласны, и сохранение культурного и нравственного наследия многих поколений нашего народа считаем одной из основных задач.

Всему этому мы должны учить молодежь. А она у нас красивая, сильная, любознательная. Общаясь с молодыми в школах, вузах, на своем сайте "Осетины" и в других местах, не могу налюбоваться ими. Они вселяют уверенность в хорошем будущем нашего народа.

В работе с ними необходимо использовать все доступные в наших условиях методы: встречаться с молодежью и подрастающим поколением в учебных заведениях, вызывать студенчество на откровенный разговор, обмен мнениями по интересующим темам. Мы намечаем проводить у себя лекции и практические занятия с желающими углубить свои знания во всех аспектах "ирон æгъдау", включая традиционные верования осетин, нормы поведения в различных ситуациях, традиционный застольный этикет, проведение свадеб и других праздников, получить прикладные навыки.

**Руслан КУЧИЕВ**

## Фыдæлты æгъдæуттæ

**— Нæ фыдæлты рæсугъд æмæ фæрныг æгъдæуттæ. Мадæлон æвзаг æмæ уыдонæй бæрæг дарæм иннæ адæмыхæттыты 'хсæн. Куыд бахъахъхъæнæм абон ирон æгъдæуттæ, цæмæй фидæны фæлтæртæм сыгъдæгæй хæццæ кæной?**



— Дун-дуне сфæлдисæг иунæг кадджын Хуыцау! Ды дæ не сфæлдисæг, нæ дарæг, ацы мæнг дунемæ царды фæндаг аразæг, æмæ табу дæхицæн! Табу дæ минæвар, нæ фæндæгтæ нын чи рухс кæны, уыцы сыгъзæрин Уастырджийæн! Табу нæ кувæн-цæрæн бынаты Бардуагæн!

Хъыгагæн, нæ кæстæр фæлтæртæн фыдæлты æгъдæуттæ, куыд æмбæлы, афтæ нал амонæм. Ома, бинонты, сыхбæсты, хъæубæстæ æмæ сахары цæрæг хистæртæй бирæтæ нæ архайынц уыцы ахсджиаг фарстайыл. Бирæтæ нæ иртасынц кувæг лæджы хистæрæй, æмæ уыдон цавæр æгъдау бамбарын кæндзысты сæ бинонты кæстæртæн?

Ирон адæймаг цæмæдæр гæсгæ йæ хæсыл нымайы куывды, йе та — рухсаг хæрнæджы фынджы уæлхъус æрбалæууын, фæлæ кæстæрæн æргом ныхасæй бамбарын кæн, цавæр æгъдау у, уый йæ хæсыл нæ нымайы. Йæхицæн фæзæгъы: цæй, мæ абоны æгъдау сæххæст кодтон, райсом дæр та исты уыдзæн. Фæлæ уый ма зонай: дæхи нæ, дæ кæстæрты фидæн дæр æнæ æгъдауæй ныууадздзынæ. Хистæр йæ алы ныхасæй дæр, йæ алы миниуæгæй дæр хъуамæ æвдиса ирон æгъдауæн йæ мидис, йæ фарн æмæ йæ рæсугъддзинад.

Иуныхасæй, фæстаг ссæдз азы дæргъы æрмæст нæ ирон æгъдау нæ, фæлæ мадæлон æвзаджы уавæр дæр тыхстаг у, сæ фидæн куыд уыдзæн, уый бæрæг нæу. Не 'взаг сæфты къахыл ныллæууыд, æмæ тæссаг у, цыбыр рæстæгмæ куы фесæфа, уымæй.

Æвзаг у ирон æгъдау амонæг, йæ бахъахъхъæнын та нæ хæс у. Æмæ абон куыд бацархайæм, уымæ гæсгæ уыдзæн нæ райсомы фынг, ома, йе — куывд, йе та "рухсаг у" зæгъын бахъæудзæн... Тæссаг у, "æгæрон уарзтæй нæ чи уарзы", уыдоны фæндиаг фæуæвынæй.

Ирон æгъдæуттæн сæ фидæн ис нæ кæстæрты къухы, æмæ сын раст фæндаг чи бацамона, уыцы хистæрты цæрæнбон бирæ уæд, сæ кæстæрты хурæй бафсæдæнт! Мæ зæрдæ дарын ахæм дзырддзæугæ хистæртыл.

**ФÆРНИАТЫ Эльбрус**

## На принципах сотрудничества

**— В основных направлениях деятельности движения "Иудзинад" отдельным пунктом обозначено взаимодействие с другими общественными организациями республики. Какие формы взаимодействия вы намерены использовать в этой работе, и какие из общественных организаций республики вам наиболее близки по своим целям и задачам?**



— Для решения задач и достижения целей, которые "Иудзинад" поставил перед собой, нам, несомненно, нужно будет взаимодействовать с другими общественными организациями. Но, прежде чем перейти к совместной работе, необходимо тщательно изучить программы наших потенциальных партнеров — насколько их цели и задачи совпадают или близки к нашим. Только после этого возможна продуктивная совместная работа.

Формы взаимодействия с другими организациями могут быть разными. Как то: проведение совместных круглых столов по общественно значимым вопросам и различных акций, приуроченных к торжественным и памятным датам, лекции по изучению родного языка, национальных традиций и традиционных верований, застольного этикета, а также другая просветительско-образовательная работа в среде молодежи, совместная деятельность по претворению в жизнь проекта строительства "Башни единства". Возможны и иные формы сотрудничества, способствующие единению нашего общества. Также было бы правильным привлечь другие общественные организации к реализации одной из наших основных задач — придание статуса сакральных территорий местам, которые испокон веков глубоко почитались нашими предками.

Я думаю, в ближайшее время мы сможем уже более детально и конкретно определить круг организаций, с которыми будет вестись совместная работа. Мы для такого сотрудничества открыты.

**Урузмаг БЕРЕЗОВ**

## Хистæры зондæй...

— Нæ фидæн, нæ ныфсы нæ фæсивæд, нæ кæстæртæ. Уыдонæй аразгæ у, цавæр уыдзæн нæ сомбон. Æмæ цæмæй нæ фидæн рухс уа, уый тыххæй абоны бон нæ кæстæртæм хъуамæ раттæм, фыдæлтæй нын цы зонындзинæдтæ æмæ фарны æгъдæуттæ баззад, уыдон.



Æгъдау тауын нымайын не змæлды сæйраг хæсыл. Уый у ирондзинадæн йæ бындур. Æмæ раст бындурыл куы нæ сæвæрæм нæ фæсивæды хъомылад æмæ ахуырад, ирон æгъдау нæ тырысæ куы нæ уа, уæд нын, куыд ирон адæмæн, фидæн нæй.

Нæ куыст уынын æрмæст не змæлд "Иудзинад"-ы тыхтæй нæ, фæлæ Ахуырад æмæ Культурæйы министрадты кусджытимæ æнгом æмархайды фæрцы дæр. Уымæй уæлдай ма хъуамæ æмгуыст кæнæм, ирон æгъдæутты бындурыл чи архайы, уыцы змæлдтытæ æмæ иугæндтимæ дæр. Иумæйаг хъарутæй куы бавналæм ацы фарстамæ, æрмæст уæд бафтдзæн нæ къухы нæ нысан. Æнæмæнг зæгъын хъæуы: ацы куысты ирон адæмы хорз фидæнæй дардæр пайда агурын нæ хъæуы æмæ не æмбæлы.

Нæ архайды бындурæн сæвæрын хъæуы, иу хатт ма йæ зæгъын, нæ фыдæлты зонындзинæдтæ æмæ æгъдау. Уыдонмæ бæлвырд бæрæггонд уыд, кæстæр цы æгъдауыл хæст хъуамæ уа, уый. Æмæиу бинонтæ кæныны афонмæ фæсивæд цæттæ уыдысты æгъдауæй дæр æмæ зонындзинæдтæй дæр.

Уымæ гæсгæ, нымайын сæйраг фарстайыл нæ фæсивæды уыцы хорздзинадмæ ирондзинады бындурыл цæттæ кæнын. Цæмæй сæ бон уа, цы рæсугъд кæстæртæ сын рацаудзæн а дунемæ, уыдонæн нæ фыдæлты фарн æмæ æгъдау рæсугъдæй дæттын. Æмæ уæд ирон бинонты кад, намыс æмæ æгъдау сæ бынат ссардзысты, нæ фыдæлтæм куыд уыд, афтæ.

Зæгъдзынæн ма иу хъуыддаджы тыххæй. Нæ фыдæлтæм кæйдæр кæстæр у, зæгъгæ, ахæм хъуыды нæ уыд. Фæсивæды хъомылады архайдтой хистæртæ иууылдæр, йæ рæстæг æмæ бынаты, кæм — таурæгъ æмæ аргъауæй, кæм — уайдзæф кæнæ разæнгардгæнгæйæ. Сæйрагдæр та — хи 'гъдау æмæ æфсарм æвдисгæйæ.

Æмæ нын не сфæлдисæг иунæг кадджын Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд, цæмæй та Иры зæххыл ирон адæмы цард йæ уагмæ раздæха. "Хистæр — зондамонæг, æгъдаутауæг, кæстæр — коммæгæс лæггадгæнæг". Сидын нæ рæсугъд хистæртæм: "Уæ цæст бауарзæд нæ кæстæртæн!"

**ТУАТЫ Алан**

→ 4

# Повседневная, систематическая работа и долгосрочные планы

## "Ирон æгъдау" и "сакральные территории"

**— "Иудзинад" выступает за внесение в Конституцию РСО-Алания понятий "ирон æгъдау" и "сакральные территории". В чем вы видите необходимость или целесообразность такого законодательного закрепления этих этических норм многовекового осетинского жизнеустройства, придания этим понятиям юридического статуса?**



— В национальном развитии Республики Северная Осетия-Алания можно выделить множество невозделанных направлений. Но есть вопросы, которые можно и нужно поднимать, на наш взгляд, и на конституционном уровне.

18 мая 2014 года во Владикавказе состоялся "Национальный форум "ALANIA", в работе которого приняли участие представители осетинских фамилий, творческой, научной интеллигенции, общественных объединений, органов государственной власти Республики Северная Осетия-Алания и Республики Южная Осетия. Законодательные предложения, изложенные в проекте конституционного закона Республики Северная Осетия-Алания получили абсолютную поддержку форума.

По результатам был принят ряд рекомендаций, в т.ч. две — конституционного характера следующего содержания:

"Подтверждая свою приверженность 1-ой статье Устава ЮНЕСКО, согласно которой мировое сообщество призвано содействовать многообразию культур через всеобщее уважение к основным свободам, провозглашенным в Уставе ООН, применительно ко всем народам без различия расы, языка или религии, заявляем о необходимости принятия неотложных мер по сохранению традиционной культуры осетинского народа. Комплекс мер должен включать в себя конституирование следующих базовых понятий:

1. Мировоззрение "ирон æгъдау";
2. "Сакральный центр осетинского народа общеиндоевропейского значения".

Рабочей группой в соответствии с поручениями форума были доработаны предложения по поправкам в Конституцию Республики Северная Осетия-Алания. В частности, с учетом доработки, предлагается:

1) в преамбулу добавить абзац шестой следующего содержания: "основываясь на традиционной духовной культуре осетинского народа (æгъдау)";

Таким образом, преамбула Конституции может выглядеть следующим образом:

"Многонациональный народ Республики Северная Осетия-Алания, утверждая права и свободы человека, гражданский мир и согласие, исходя из общепризнанных принципов равноправия и самоопределения народов, руководствуясь Федеративным Договором, стремясь обеспечить благополучие и процветание республики, сохраняя историческую связь поколений, основываясь на традиционной духовной культуре осетинского народа — æгъдау, исходя из ответственности перед настоящим и будущим, подтверждая свою приверженность принципам и положениям Конституции Российской Федерации, провозглашает и устанавливает настоящую Конституцию".

На мой взгляд, этот абзац добавит национальный аспект в основы и цели принятия Конституции, станет необходимым кирпичиком в формировании республиканской идеологической основы и патриотического воспитания населения.

2) в часть первую статьи 10 добавить предложение следующего содержания: "Горные территории Республики Северная Осетия-Алания являются материальной основой духовного просвещения народа и обладают особым статусом сакральных мест".

И с учетом предлагаемого дополнения часть первая статьи 10 также может измениться и читаться следующим образом:

"1. Земля, ее недра и другие природные ресурсы Республики Северная Осетия-Алания, являясь достоянием народа, используются и охраняются как основа его жизни и деятельности. Горные территории Республики Северная Осетия-Алания являются материальной основой духовного просвещения народа и обладают особым статусом сакральных мест".

Указанный пункт может стать ориентиром для всех субъектов общественных отношений в республике, включая и органы государственной власти и местного самоуправления для бережного отношения, как к многочисленным святым местам в горной части Осетии, так и к горным территориям в целом.

Я убежден, что, отразив в нашей Конституции подобные предложения, ее роль станет значительно выше в сохранении и развитии осетинской культуры и осетинского народа в целом.

**Ахсарбек ФАДЗАЕВ**

## Гражданское общество — в действии

**— "Еще одна общественная организация?" Таким вопросом может озадачить окружающих обыватель, узнав о том, что учреждено движение "Иудзинад"…**



— Можно согласиться с обывательским рассуждением о том, что в Республике Северная Осетия-Алания на душу населения приходится больше всего общественных организаций, чем в любом другом субъекте Российской Федерации.

Однако, прежде всего, на мой взгляд, необходимо рассмотреть целесообразность общественной организации в современных реалиях общественной жизни.

Во-первых, граждане Российской Федерации имеют право на объединения по различным интересам, если они не выходят за рамки регулирования действующего законодательства. И количество таких объединений в виде общественных движений, организаций и политических партий не ограничено.

Во-вторых, говоря о построении гражданского общества в России (а эта тема является актуальной в нашей стране), создание различного рода общественных объединений является ярким примером того, что мы находимся на верном пути в достижении указанной цели. Государственный аппарат не в состоянии в должной мере охватить все сферы жизнедеятельности человека, какие-то проблемы нужно решать самостоятельно самим гражданам, иногда это приходится делать при полном непонимании имеющихся проблем большинством населения, а иногда этот процесс может дублировать одну из государственных функций или функций органов местного самоуправления. Но самое главное, по-моему, заключается в том, что эта сфера (реализация общественных целей человеческого бытия) в Российской Федерации монопольно не приватизирована никем.

Что касается республиканской общественной организации "Иудзинад", то здесь имеет место, как и в любой другой общественной организации, объединение людей различных возрастов и политических взглядов, различных профессий и образовательного уровня, но всех их связывает общая цель.

Не буду оригинален если скажу, что для достижения заявленных общественным движением "Иудзинад" целей могут понадобиться десятилетия, а может быть и время жизни нескольких поколений, и поверьте мне на слово, что ни в одном государстве, ни у одного этноса или нации не решены до конца затрагиваемые нами вопросы, их и невозможно решить. Например, кто может решить проблему сохранения языка, обычаев и традиций народа? Я думаю, что это проблема актуальна во все времена.

Можно также сказать, что какие-то организации занимаются той же проблематикой, что и "Иудзинад". Ничего плохого в этом не вижу, наоборот, наша организация нацелена на совместное достижение целей, стоящих перед нашим народом, мы всегда готовы к диалогу с представителями других общественных организаций, со всеми гражданами нашей республики.

Я думаю, что на современном этапе создание и функционирование организаций такого толка должно способствовать консолидации общества в деле противостояния отрицательным последствиям глобализации (к сожалению, этот процесс весьма пагубно сказывается на национальном (этническом) самосознании любого народа). В заключение хочется подчеркнуть, что объединение людей по интересам есть сущность человека социального, который склонен к активным действиям.

**Ацамаз ХАДИКОВ**

## Сохранение и развитие родного языка

**— Несомненно, одним из важнейших направлений работы движения "Иудзинад" станет проблема сохранения родного языка и его дальнейшего развития. Как вы оцениваете сегодняшнее состояние родного языка, качество преподавания и уровень знания языка нынешним осетинским обществом? И, исходя из ваших оценок, какие меры являются первоочередными в сфере сохранения и развития осетинского языка?**



— Сегодняшнее положение осетинского языка нельзя считать удовлетворительным. ЮНЕСКО внес осетинский язык в список вымирающих. И это закономерно при нынешнем его статусе. Осетинский язык вытеснен из большинства сфер общественной жизни Осетии. Им пользуются преимущественно только в быту, в семейном кругу. Но даже в этом узком круге его использования есть серьезные проблемы.

Во-первых, по мере уменьшения сельского населения, этот круг сужается. Ведь ни для кого не секрет, что основным языком общения в осетинских семьях во Владикавказе является русский.

Во-вторых, жизнь не стоит на месте и быт людей постоянно меняется. Осетинский же язык, вытесненный из сфер общественной жизни, почти перестал развиваться. Новые понятия в осетинский язык попадают в виде русских или иностранных слов, а устаревшие слова выходят из употребления. Ввиду этого, даже на уровне бытового общения в осетинском языке с каждым годом используется все больше неосетинских слов. Это явление настолько вошло в привычку, что даже многие неустаревшие осетинские слова в разговоре заменяются русскими или иностранными. Сегодня сложно найти человека, который при разговоре на осетинском языке не включал бы в свой лексикон русские слова.

В-третьих, мы должны отчетливо понимать, что сохранить родной язык только лишь на уровне бытового общения невозможно. Без выхода осетинского языка за рамки семейного круга процесс умирания необратим.

Язык должен быть необходим, язык должен быть востребован. Только в этом случае он будет жить и развиваться. А это уже задачи государственные. Решить их можно только на законодательном уровне. Но, к сожалению, Северная Осетия на сегодняшний день является единственной республикой на Северном Кавказе, не узаконившей статус родного языка. В республике до настоящего времени не принят закон о государственных языках. Это означает, что рамки использования осетинского языка никак не обозначены. На практике же это приводит к полному игнорированию осетинского языка за пределами внутрисемейного, бытового общения.

В последние годы правительство нашей республики принимает определенные меры по улучшению состояния осетинского языка. Направлены они в основном в сферу школьного образования: увеличиваются часы преподавания осетинского языка, совершенствуются школьные программы. Но все эти меры остаются полумерами, не дающими ощутимых результатов. И этому есть вполне разумные объяснения: во-первых, в школу дети часто приходят без знания языка даже на бытовом уровне, в связи с чем изучение родного языка для них происходит на уровне иностранного. Но если знание иностранного языка необходимо в дальнейшей жизни каждого ребенка, (это осознают и родители), то изучение осетинского языка большинством родителей воспринимается как дополнительная, ненужная нагрузка. Это неудивительно, ведь, как уже указывалось выше, за пределами семейного круга осетинский язык мало где востребован. А ребенку, не овладевшему разговорным осетинским языком до школы, крайне трудно бывает изучить его и в школе.

Для достижения положительных результатов в образовательном процессе изучение осетинского языка, наравне с русским, необходимо начинать в дошкольных учреждениях. Так же в процессе преподавания осетинского языка необходимо создать определенную преемственность в системе образования. В дошкольных учреждениях необходимо подготавливать детей к школе, прививая им базовую разговорную осетинскую речь.

Еще более эффективным решением было бы создание в республике национальных дошкольных и школьных учреждений. Ведь насколько это не парадоксально, во Владикавказе есть грузинская школа, но нет осетинской!

Но все эти решения упираются в отсутствие закона о государственных языках. Поэтому, на мой взгляд, первостепенной задачей в деле сохранения и развития осетинского языка остается вопрос скорейшего принятия закона о государственных языках РСО-Алания.

**Сергей ТАБОЛОВ**

Тымбыл стъол

# ”Иудзинад” нысантæ æвæры

**Историйы уый тыххæй дзæвгар цæвиттонтæ баззад. Æцæгдæр, иунæг адæймаджы бон дæр у, амæй-ай вазыгджындæр хъуыддаджы уæлхъус балæууын, дзыллæты зондахаст фæхуыздæры, сæ цардарæзт аивыны охыл сæ сæнкъуысын кæнын. Уый дæр стыр курдиат у, адæмы ныхасы, хъуыддаджы фæрцы баиу кæнын, сæ размæ сын нысантæ æвæрын, сæ хъæппæрис, сæ тырнындзинад сын райхалын... Нысантæ, мадзæлттæ хъуамæ уой сыгъдæг, æргом, æппæтæн пайда…**




”Мах фарон æрæмбырд кодтам Ирыстоны мыггæгты минæвæртты. Нæ ныхас уыдис ирон адæмы цардарæзты риссагдæр фарстатыл, фæндыд нæ байхъусын, уæддæр, чи æмæ цы хуызы уыны нæ иудзинад фидаргæнæг мадзæлттæ. Уæд рахастам уынаффæ æхсæнадон змæлд ”Иудзинад” саразын… Политикон хъуыддæгтæм ницы бар дарæм, нæй нæм æваст æппæт хъуыддæгтыл аххæссыны фæнд. Алцыдæр, дам, хицаудзинадæй аразгæ у — ахæм хъуыды ныффидар нæ æхсæнады. Бирæ цыдæртæ, æцæгдæр, уыдонмæ хауынц. Фæлæ адæмы тых æмæ гæнæнтæ къаддæр не сты. Æмæ бакусæм, раст-иу нæ фыдæлтæ зиумæ куыд рацыдысты, уыйау. Кæй æрбацыдыстут не ’мбырдмæ, уымæн ис стыр ахадындзинад. Æхсызгонæй байхъусдзыстæм уæ хъуыдытæм”, — æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы советы уæнг **Кучиты Руслан** æгасцуай загъта се ’мбырдмæ æрбацæуæг адæмæн.

Се ’хсæн уыдысты ахуыргæнджытæ, наукæйы кусджытæ, фысджытæ, поэттæ, æхсæнадон архайджытæ. Боны фæткмæ хаст æрцыд иунæг фарста: ”Нæ ирон æвзаг — нæ адæмы хæзна”. ”Сæйраг ныхасмæ рахизыны размæ мæ фæнды, æхсæнадон змæлд хæстæгдæр рæстæг цæуыл бацархайынмæ хъавы, уыдæттæ цыбырæй фæбæрæг кæнын. Нæ организаци йæ куыстуаты суазæг кодта Мæрзойты Тамерлан. Нæ зæрды ис, фыццагдæр, нæ фыдæлты зæххытæ бахъахъхъæныныл бацархайын. Дарддæр, Мæрзойты Тамерланмæ ис, Дзæуджыхъæуы æппæт Ирыстоны мыггæгты минæвæртты фæрцы иудзинады мæсыг самайынын, уæдæй дзурæм ирон æвзаджы уавæрыл. Хъуыддæгтæй та? Не скъолайы ис ахæм фæтк: кæд æмæ сывæллон ирон мыггаг хæссы, уæд æххæстæй ахуыр кæны ирон æвзаг. Ныйyарджытæ бæргæ фæкурынц, иннæ, лæмæгъдæр, къордмæ йæ бакæнут, зæгъгæ, фæлæ мах нæ фæтк нæ халæм. Абон Ирыстоны та, афтæмæй фæсте нæ баззадысты… Фæлæ, æцæгдæр, цæуыл бамæт кæнæм, уый ис. Хæдзарæй саби рæвдауæндонмæ иронау дзургæйæ арвитæм, æмæ дзы мæй-дыууæмæ уым æрбайрох вæййы, рахизы æрмæст уырыссаг æвзагмæ”, — ахæм уыд Дзæуджыхъæуы 13-æм скъолайы директор **Сæлбиты Иринæйы** хатдзæг.

сæ фылдæр ирон æвзаджы уавæр банывыл кæнын æвæрдтой ныйyарджыты уæхсчытыл. Ома, иугæр ирæттæ стут, уæд уæ хæдзарæй хъуамæ цæуа уыцы бастдзинад, уарзондзинад æвзагмæ. Ныйyарджытæй фæстæмæ та — скъолаты, рæвдауæндæтты хæс. Уыцы ран дæр, кæд æмæ разамонæг, хъомылгæнæг, ны фæнд. Уыдæттæ сты национ хъомылады куысты фæрæзтæ. Хъуамæ æмбæлæм фæсивæдимæ, уадзын райдайдзыстæм газет. Ныридæгæн уал сайт скодтам… Ныр та, уæ хорзæхæй, зæгъут уæ хъуыдытæ ирон æвзаджы уавæры тыххæй,” — фæсидт ныхасы архайджытæм Кучийы-фырт.

”Мæхи кæдæй хъуыды кæнын, ирон æвзаджы хъысмæтыл хъæрдæрæй чи дзуры, уыдонæн сæхи цот иунæг ныхас дæр нæ зонынц. Мæ къухы бафтыд дыууæ ирон къласы байгом кæнын. Ныйyарджытимæ цас фæдзырдтон, цæмæй сразы уой, уый йæхæдæг хицæн хъуыддаг у. Куыд, дам, уыдзысты, æппæт предметтæ ирон æвзагыл ахуыр кæнгæйæ? Цард куыд равдысахуыргæнæг хъæппæрисджын куы уа, зæрдæйæ куы архайа, уæд уавæр уыдзæн хуыздæр.

”Мæнмæ раст нæ кæсы, ирон адæмы стыр æмбырдтæ уырыссаг æвзагыл конд кæй æрцæуынц, уый. ”Уазджытæ, дам, нæм ис”. Æмæ Туркæй, Сирийæ цы ирæттæ ссæуы, уыдон иунæг ныхас дæр нæ бамбарынц, афтæмæй фæстæмæ аздæхынц. Уый куыд у?” — загъта диктор **Мамсыраты Тасолтан**.

Фембæлды архайджытæй ахуыргæнæг хъæппæрисджын куы уа, зæрдæйæ куы архайа, уæд уавæр уыдзæн хуыздæр.

Ахуыргонд **Тахъазты Фидары** хъуыдымæ гæсгæ, ныйyарджытыл хæс ныууадзын, сæ химбарынадмæ сын сидынæй æппындæр ницы аивдзæн. ”Хъуамæ йæ æмбарæм, алы ран хъæппæрисджын ахуыргæнæг, хъомылгæнæг нæ кусы, хъуамæ æххæст уой ахæм методикон амынддзинæдтæй, æмæ æппындæр йæ удæй чи нæ архайы, уыцы ахуыргæнæг дæр куса бæрнонæй. Бауырнæд уæ, бирæ ахуыргæнджытæ нæ зонынц, ирон æвзаг куыд амонын хъæуы, уый. Фарстайæн йæ уидæгтæ бирæ арфдæр сты”, — бафиппайдта Тахъазы-фырт.

Сæ хъуыдытæ ма загътой фыссæг **Агъынаты Гæстæн**, телеамонæг, зарæггæнæг **Секъинаты Альбинæ**, ахуыргæнæг **Кокайты Ларисæ**, педагогон институты ректоры хæдивæг **Дзусты Беллæ**, æхсæнад ”Иудзинад”-ы уæнгтæ **Туаты Алан, Мæрзойты Тамерлан** æмæ иннæтæ.

Бирæ фарстытæ сæвзæрд, ирон æвзаджы рæзтæн хицаудзинадмæ цы хъуыддæгтæ хауы, уыдæтты тыххæй. Сæйрагдæр та — нæ республикæйы “Паддзахадон æвзæгты тыххæй закъон” фидаргонд кæй нæма æрцыд, уый.

Кучиты Руслан кæронбæттæны куыд бафиппайдта, афтæмæй бацархайдзысты ацы ныхасæй хатдзæгтæ скæнын, йæ уавæр банывылы охыл сæ размæ нысантæ сæвæрдзысты.

**БУТАТЫ Эльзæ**

**Председателю Правительства**
**РСО-Алания**
**ТАКОЕВУ С. К.**

**Уважаемый Сергей Керменович!**

**При всех позитивных шагах по сохранению и развитию осетинского языка, предпринимаемых в последнее время Правительством РСО-Алания, наша республика на сегодняшний день остается единственной на Северном Кавказе, где до сих пор не принят закон о государственных языках. Подготовленный в 2009 г. проект закона ”О государственных языках Республики Северная Осетия-Алания” в конце 2013 г. Правительством республики был внесен в Парламент. Однако после первого чтения законопроект был возвращен Правительству РСО-Алания.**

**Можно строить разные предположения о причинах принятия депутатами такого решения, но ясно одно - отсутствие в нашей республике закона о государственных языках сводит на нет все усилия, направленные на сохранение осетинского языка. Уровень владения осетинским языком ежегодно снижается. ЮНЕСКО включил осетинский язык в список вымирающих.**

**Все это вызывает у нас немалую тревогу. Академик В.И. Абаев сказал: ”Нет языка - нет нации”. Мы отчетливо понимаем, что утрата национального языка равносильна утрате национальной идентичности. Какие бы причины не побудили депутатов отказаться от принятия вышеуказанного законопроекта, мы считаем, что каждый осетин должен осознавать свою ответственность в вопросе, касающемся выживания нации. Ввиду этого не можем равнодушно наблюдать за затягиванием принятия закона, наиважнейшего для всего осетинского народа.**

**Мы видим, что Правительство РСО-Алания занимает в данном вопросе конструктивную позицию. Поэтому просим Вас оказать всемерное содействие в вопросе повторного внесения законопроекта о государственных языках на рассмотрение в Парламент республики. Со своей стороны мы намерены планомерно доводить нашу позицию до депутатов Парламента с целью способствования принятию положительного решения по вышеуказанному законопроекту.**

**Мы также планируем проводить определенную работу по указанному вопросу среди общественности.**

**С уважением,**

**Участники круглого стола, посвященного проблемам сохранения и развития осетинского языка**

**РЕДАКЦИЙÆ:**
**Тымбыл стъолы архайджытæ сфидар кодтой сидт республикæйы Хицауады номыл. Мыхуыр æй кæнæм уырыссагау.**

Конкурс

# «Зонды къуыбылой»

**Ирон æвзагæй алыхуызон конкурсты сæр нæ уымæн хъæуы, цæмæй нæ сывæллæттæ ирон фарны уидæгтæй ма фæиппæрд уой. Ахæм конкурс ”Зонды къуыбылой” арæзт æрцыдис Ахуырад æмæ наукæйы министрады национ хайады хъæппæрисæй Мамсыраты Дæбейы номыл Сывæллæтты библиотекæйы республикæйы районты æмæ Дзæуджыхъæуы рæвдауæндæтты сывæллæтты ’хсæн.**



Конкурс байгом кодта нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады национ хайады сæргълæууæг **Санаты Ритæ**. Уый куыд загъта, афтæмæй ацы конкурс хуыйны ”Зонды къуыбылой” æмæ цæуы фыццаг хатт. Бацархайын хъæуы, цæмæй ацы ерыстæ суой æрвылазон.

Ерысты жюрийы сæрдар, Ирыстоны адæмон фыссæг **Дзасохты Музафер** куыд загъта, афтæмæй хорз хъуыддаг у ацы бæрæгбон. Хорз хъуыддагæн та йæ сæр сындз у, йæ бын та — сой. Нæй ахæм сывæллон æмæ йæм курдиаты цæхæр ма уа, æрмæст уыцы цæхæрыл фу-фу кæнын хъæуы, цæмæй ма бамынæг уа. Курдиат хурæй уæлдай нæу, цыфæнды йæ куы фембæхсай, уæддæр фергом вæййы. Уый сбæрæг кæнын ахуыргæнджытæй, хъомылгæнджытæй аразгæ у. Абон мах цы æвзонг фæлтæрмæ байхъусдзыстæм, уыдонæй биретæ фæстæдæр сæхимæ ма æрыхъусын кæной, уый гæнæн нæй. Сывæллонæн ныфс куы радтай, уæд ыл уæлтæмæны базыртæ базайы æмæ йæхи банкъары куыд æцæг адæймаг, афтæ. Фæзыны йæм йæхиуыл кусыны тырнындзинад.

Кадджын жюрийы ма уыдысты Парламенты бæрнон кусæг, поэт **Касаты Батрадз**, ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты декан **Хозиты Барис**, республикон æхсæнадон змæлд “Иудзинад”-ы уæнгтæ **Кучиты Батрадз** æмæ **Туаты Алан**, поэт **Колыты Витали**, Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ фылдæргæнæн институты кусæг **Дзанайты Ларисæ**, скъола ”Диалог”-ы ахуыргæнæг **Саламаты Лидæ,** фонд “Аланты фæдонтæ”-йы минæвар **Хъуыссæты Зæлинæ**.

Æхсæнадон змæлд “Иудзинад”-ы уæнгтæ Кучийы-фырт, Туайы-фырт æмæ **Берозты Уырызмæг** бæрæгбонмæ æрбацыдысты зæрдылдарæн лæвæрттæ æмæ премитимæ.





”Не ‘хсæнад йæ хæсыл нымайы мадæлон æвзаг хъахъхъæнын, йæ дарддæры рæзтыл кусын, стæй, уыцы фæрныг хъуыддагыл чи архайы, уыдоны сæ куыстмæ разæнгарддæр кæнын. Нæ хъустыл куы ‘рцыд конкурс ”Зонды къуыбылой”-ы хабар, уæд иузæрдионæй сфæнд кодтам ацы хъуыддаджы архайын. Министрады минæвæрттæ мах фæхуыдтой жюримæ, уый тыххæй бузныг стæм Санаты Ритæйæ. Фæлæ жюрийы куысты архайынæй уæлдай, конкурсы уæлахиздзаутæ æмæ сæ хъомылгæнджытæн снысан кодтам лæвæрттæ æмæ премитæ”, — радзырдта Кучиты Батрадз.

3-4-аздзыд сывæллæтты ’хсæн аивадон уацмыстæ аив кæсынæй сæхи хорзæй равдыстой Лолаты Æхсарбег (Алагиры 6-æм рæвдауæндон), Бæцæзаты Зазæ (Дзæуджыхъæуы 65-æм рæвдауæндон), Саухалты Давид (Дигорайы 4-æм рæвдауæндон ”Буратино”), Цæлойты Сæрмæт (Змейкæйы 2-æм рæвдауæндон) æмæ æндæртæ.

5-6-аздзыд сывæллæтты ’хсæн хуыздæртæ уыдысты Ходы Гермæн (Елхоты 4-æм рæвдауæндон), Хъуылаты Алинæ (Комсомольскы хъæуы рæвдауæндон), Саулохты Альбинæ (Елхоты 5-æм рæвдауæндон), Мæргъиты Валерия (Дзæуджыхъæуы 71-æм рæвдауæндон), Хуыцъистаты Аскер (Дзæуджыхъæуы 99-æм рæвдауæндон), Хæдзарæгаты Владимир (Дзæуджыхъæуы 38-æм рæвдауæндон), Боциты Каринæ (Фарныхъæуы рæвдауæндон), Хаситы Элинæ (прогимназ ”Интеллект”), Остъаты Сослан (прогимназ ”Интеллект”) æмæ æндæртæ.







Къордтæ-къордтæй аивадон уацмысы мидис раргом кæнын сæ бон баци Габолаты Камилæ, Шакирова Аланæ æмæ Бесаты Агуындæйæн (Алагиры 6-æм рæвдауæндон), Плиты Амандæ æмæ Хъуылымбегты Валерийæн (Дзæуджыхъæуы 59-æм рæвдауæндон), Магаты Анжеликæ, Икъаты Зауыр æмæ Махъоты Миленæйæн (Къора-Урсдоны рæвдауæндон), Теблойты Рустам, Козаты Алинæ, Тедеты Станислав, Уаниты Давид æмæ Зассеты Тамерланæн (Сунжæйы 2-æм рæвдауæндон).

Бæрæгбоны архайджытæ райгондæй баззадысты сæ фембæлдæй. Уыцы рæсугъд хъуыддагыл чи бакуыста, уыдонæн та нæ зæрдæ зæгъы ноджы фылдæр æнтыстдзинæдтæ.

**АБАЙТЫ Эдуард**

## ДЗЫРДЫ ХЪОМЫС

***Адæмы фарнæй***
***къæдзæх дæр ныннæры.***
*Къоста*

✦✦✦

*… бирæ у адæмы тых,*
*æрмæст се ’хсæн иудзинад*
*куы уа, уæд.*
***Брытъиаты Елбыздыхъо***

✦✦✦

***Æмвæнд нæ кæнæм,***
***æнгом нæ цæуæм…***
***Уастырджи, фæзын***
***нæм, фæзын…***
*Токаты Алихан*

✦✦✦

*Цалынмæ нæ нæ тых æмæ*
*хъару хæссой, уæдмæ*
*хъуамæ мацæуыл*
*бацауæрдæм Ирыстоны*
*сæрвæлтау.*
***Фæрнион***

✦✦✦

***Рæстдзинад кæм нæ уа,***
***уым та куыд цæрæн ис.***
*Мамсыраты Дæбе*

✦✦✦

*Æргом ныхас хæлардзинад*
*нæ халы.*
***Къубалты Алыксандр***

✦✦✦

***Хæлæгдзинад у***
***тæригъæдтæ æппæтыл***
***хæцæг, мах не ’ппæт***
***дæр уыцы сау калмы***
***уацартæ стæм.***
*Гæдиаты Секъа*

✦✦✦

*Хæц, ирон, дæ зæххыл*
*фидар… хæхты*
*райгуырдтæ дæ цардæн,*
*хæхты ссардзынæ ингæн.*
***Къубалты Алыксандр***

✦✦✦

***Цæрдзыстæм! Мæлын***
***куы бахъæуа, уæд та —***
***кады мард!***
*Калоты Хазби*

✦✦✦

*Адæмæн бирæ хъустæ*
*æмæ бирæ цæстытæ ис.*
***Джимиты Гиуæрги***

✦✦✦

***Æвæццæгæн адæмы цард***
***иудадзыгæй дæр æвæрд***
***у æрмæст***
***хиуарзондзинадыл.***
*Коцойты Арсен*

✦✦✦

*… ирон адæм рахастой сæ*
*рагон бæстæй Иранæй …*
*стыр бæрзонд материалон*
*æмæ уды культурæ,*
*рахастой йæ адæймаджы*
*культурæйы авдæнæй*
*æмæ йæ сæ хæтæн царды*
*сæрты бавæрдтой æмæ*
*ноджы сбонджын кодтой*
*Кавказы хæхты…*
***Беджызаты Чермен***

✦✦✦

***Лæг рæсугъд уагæй***
***фидауы.***
*Æгъуызаты Иуане*

Нæ бæрæг бонтæ

# Зæрдæвæрæн

**Ирон адæм зæды фыдæхæй куыд тæрсынц, марды фыдæхæй дæр — афтæ, зæды аудындзинадмæ куыд бæллынц, марды аудындзинадмæ дæр — афтæ. Марды аудындзинад, дам, зæды аудындзинадæй къаддæр нæу. Æмæ нымд кæнынц сæ мæрдты рухс нæмттæн, мысынц сæ, зилынц сын сæ уæлмæрдтæм, рухсаг сын кæнынц, сæхæдæг цæмæйдæриддæр цæрынц, уымæй.**



Ирон адæммæ уæлдай уаз бынаты дæр æвæрд сты ног мæрдтæ, афæдзы кæндтæ кæмæн нæма скодтой, уыдон. Афæдзы дæргъы сын сæ ном бирæ бæлвырд бонты æрымысынц сæ хиуон-хæстæджытимæ, сыхæгтимæ, зонгæтимæ. Уыцы бонтæй иу у Зæрдæвæрæн. Вæййы майы мæйы фæстаг цыппæрæмы.

Раздæр ирон адæм сæ марды ингæныл цырт æвæрдтой хохаг къæйдурæй, тъæпæн къæйдур ын-иу æрфæлдæхтой йæ риуыл дæр. Дæ ингæны къæй дыл æрфæлдæхæд, — ахæм карз æлгъыст дæр ма нæм куы ис. Ингæны къæйы алыварс-иу уалдзæджы бадзæбæхтæ кодтой нæуцъар зæххы гæппæлтæй, цæмæй йыл кæрдæг схæца. Ногкъахт зæххыл хъамылгæрдæг ма фæтых уа æмæ иннæ уæлмæрдты хуызæн аив уа. Ацы мæрдты бон Зæрдæвæрæн — Зæлдæвæрæн дæр уымæн хуыйны. Зæлдæ рагон ирон æвзаджы амоны, цъæх кæрдæг, фылдæр мæхсискъ кæуыл зайы, ахæм нæуцъар. Дыгурмæ абон дæр ма нæуу у зæлдæ. Стæй ма нæм ис дзырд зæлдфæлындæн дæр: горæтты æмæ хъæуты уынгтæ бæлæстæй, къудзитæй, дидинджытæй, таугæ кæрдæджытæй фæлындын, аив кæнын. Ног Зæлдæвæрæны мыр-дамгъæ ***л*** рахизы ***р***-мæ, æмæ дзы рауад Зæрдæвæрæн.

Чырыстон дин Ирыстоны чи парахат кодта, уыдон архайдтой ирон бæрæгбæттæ чырыстонты бын фæкæнын. Нæ кувæндæтты кæнæ сæ фарсмæ та арæзтой аргъуантæ. Гъе уый аххосæй ирон бæрæгбон Куадзæн — Комуадзæн ссис чырыстон дины Чырыстийы райгасы бон. Æмæ йæ бæрæг кæнын райдыдтам чырыстон къæлиндармæ гæсгæ. Уымæй дыууиссæдз боны куы рацæуы, уæд та чырыстон динмæ гæсгæ вæййы цины бæрæгбон Вознесение Господне — Чырысти уæларвмæ куы ацыд, уыцы бон. Æмæ аргъуанты дзæнгæрджытæ фæцæгъдынц, зарæггæнджытæ дзы фæзарынц. Иудзырдæй, у хъæлдзæг бæрæгбон æмæ Зæрдæвæрæн дæр бæттынц уыцы бонимæ. Уый раст нæу! Уымæн æмæ Зæрдæвæрæн махæн у хъыджы бон, мæрдты мысæн бон, стæй иу бонмæ дæр æрмæстдæр искуы-иу хатт æрцæуынц. Зæрдæвæрæны къуырийы бон бæлвырд бæрæг у — вæййы майы фæстаг цыппæрæмы, Вознесение та йæ бон ивы Куадзæнмæ гæсгæ æмæ ахизы июны мæймæ дæр.

Зæрдæвæрæн ирæттæм у мæрдты бон, чырыстон дингæнджытæм та Чырыстийы номимæ баст у. Уый Куадзæны райгас æмæ, дам, 40 боны фæстæ, уæларвмæ куы цыд, уæд йæ ахуыргæнинæгтæн зæрдæ бавæрдта, иунæгæй сæ кæй нæ ныууадздзæн, кæй сæм æрыздæхдзæн, уымæй. Уыцы зæрдæвæрдмæ гæсгæ чырыстон дин парахатгæнджытæ Вознесение бабастой ирон бæрæг бон Зæлдæвæрæн — Зæрдæвæрæнимæ.

Иннæтæ та йын йæ номы хъусынц кусарты зæрдæ æмæ æвæрын. Æмæ уыцы бон мардæн рухсаг зæгъыны тыххæй цы кусарт акæнынц, уый зæрдæ фыхæй хæссынц уæлмæрдмæ. Уым æй баныгæнынц — бавæрынц сæ марды уæлмæрды. Уыцы æнæгъдауыл чидæртæ ноджыдæр ма бафтауынц æмæ уæлмæрды зæрдæимæ баныгæнынц кусарты къах, стæй ногахст кæсæгтæ. Ацы ми равзæрд нæ зоныны фыдæй, цыракæнонты сæры. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый раст нæу. Уый нæ, фæлæ ма сæ марды уæлмæрд куыйтæ æмæ гæдытæн дæр сфæйлауын кæнынц. Уыдон тæф тынг æнкъарынц, æмæ ныгæд зæрдæ, къах, кæсæгтæ скъахынц. Æнæфæтчиаг бахæрынц, æмæ уымæй мард кæны æгад.

Зæрдæвæрæн ирон адæм тынг рагæй бæрæг кæнынц, æвæццæгæн, чырыстон дин куы нæма фæзынд, уæд дæр æй бæрæг кодтой. Æмæ йæ сæйраг нысан у ног марды уæлмæрдмæ базилын, саив æй кæнын. Стæй йын уалдзыгон халсартæ, гагадыргъытæ ныххæлар кæнын. Марды уæлмæрдмæ æвналгæйæ, цырт ын ныссадзыны, къæйтæ æмæ йыл гæрæнтæ æвæрыны размæ дзы хатыр ракурын, стæй йын рухсаг зæгъын амоны не 'гъдау, нæ дин. Зæрдæвæрæн — зæлдæ-нæууæвæрæн дæр уыд æмæ у ахæм бон æмæ йын уый фæдыл йæ номыл скæнынц кæрдзынтæ, аргæвдынц далыс. Уыдонæй, халсартæй, гагадыргътæй аддзинæгтæй, нозтытыæй, хæдзары йын сæ куы ныххæлар кæнынц, уæд иу хай устытæ ахæссынц уæлмæрдмæ. Уым ын сæ ныххæлар кæнынц. Иннæ æрцæттæгонд фынджыдзагæй ты йын нæлгоймæгтæ рухсаг фæзæгъынц хæдзары.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Исторические артефакты

# ЭКСКУРСИЯ — В МУЗЕЙ ДРЕВНОСТЕЙ АЛАНИИ

**На туристической карте Владикавказа Музей древностей Алании появился совсем недавно — он был открыт в начале 2014 года.**



















На сравнительно небольшой музейной площади, находящейся на территории Северо-Осетинского государственного университета, представлены уникальные материалы по истории развития человечества от палеолита до позднего средневековья.

Инициаторами открытия музея стали ректор СОГУ Валерий Созанов и директор Института истории и археологии РСО-Алания Руслан Бзаров, а практическая реализация этого проекта была поручена известному археологу, старшему научному сотруднику Института истории и археологии Феликсу Дзуцеву (кстати говоря, на начальном этапе он был и директорм музея).

Основу фондов музея составили богатейшие материалы раскопок, которые Институт истории и археологии проводит уже более 35 лет. Причем, как в Северной Осетии, так и на территории других регионов Северного Кавказа.

— "Кобанская культура", материалы других исторических эпох нашли свое почетное место в залах музея, — рассказывает **Феликс Дзуцев**. — В экспозиции представлены и не имеющие аналогов реконструкции одежды и вооружения наших далеких предков. Все это, несомненно, вызывает неподдельный интерес и у специалистов, и у простого любителя истории.

Такой неподдельный интерес к экскурсии в Музей древностей проявили и члены совета движения "Иудзинад". По приглашению Ф.Дзуцева они недавно побывали в музее. Гости остались довольны — ученый прочитал им ознакомительную лекцию, подробно прокомментировал находящиеся на стеллажах исторические артефакты, ответил на многочисленные вопросы присутствующих. Время, отведенное для пребывания в музее, пролетело незаметно — настолько захватывающи были и предметы старины, и лекция...

# Хуыцау дæ рынчындонæй бахизæд...

## Нырыккон таурæгъ

Ирыстоны рынчындæттæй иуы ацы æнæхайыры сæкæрнизæй иу сылгоймаг йæхи дзæбæх кодта. Йæ рафыссыны афон куы æрхæццæ, уæд сылгоймаг телефонæй йæ фыртмæ бадзырдта: "Лæппу, иннæбон мæ рафысдзысты æмæ мæ нæхимæ ласын хъæудзæн, фæлæ мæм ам цы дохтыртæ кастысты, уыдонæн райсом исты æгъдау куы фенис, уæд хорз уаид".

Лæппу мады фæдзæхстмæ гæсгæ дыккаг бон дохтырты раз балæууыд. Бузныг сын загъта æмæ сын сæ разы æрæвæрдта æртæ чъирийы, гогызы мард æмæ ма уыдонимæ цы æмбæлы, уыцы æгъдау.

Æрбадтысты дохтыртæ фынджы уæлхъус, бакуывтой æмæ минас кæнын байдыдтой. Уæдмæ сæ къæсæрыл алæууыдис уазæг дæр — зæрдæйы низты хайады дохтыр — ставдбæрзæй, фæтæнсин. Æмбæлæггаг æм авæрдтой. Уый æрбадтис фынджы уæлхъус, фæминас кодта, стæй афарста: "Ацы æгъдау цы рынчын æрбарвыста, уый кæцы уаты ис?"

Бацамыдтой йын сылгоймаджы уат. Зæрдæйы низты дохтыр бузныг загъта, йæхи ракуырдта, æмæ сылгоймаджы уæлхъус алæууыд:

— Дæ бон хорз æмæ æнæниз у, нæ мады хай!

— Æгас цу, — загъта йын сылгоймаг дæр.

— Ницы дæ хъыгдары, мыййаг?

— Ницы. Мæ сæкæр иуцасдæр бæрзонд уыд, фæлæ ныр мæхи хуыздæр æнкъарын, — дзуапп радта сылгоймаг.

— Дæ зæрдæ та?

— Уый дæр мын дыууæ азы размæ Мæскуыйы Бакулевы центры дохтыртæ федтой æмæ мын загътой, мæ кармæ гæсгæ куыд æмбæлы, ахæм уавæры кæй ис, уый. Æвзæрæй мын ницы загътой.

— О-о, дыууæ азы дзæвгар рæстæг у, — загъта ставдбæрзæй дохтыр, — дзых æмæ уидыджы æхсæн дæр бирæ цыдæртæ æрцæуы. Æнæзивæгæй ма рацу мæ фæдыл æмæ дын æз кардиограммæ скæнон, дæ зæрдæ дын фенон.

Сылгоймаг фæраст ис дохтыры фæдыл. Скодтой йын кардиограммæ дæр.

Дохтырæн æцæг рынчын адæймаджы кардиограммæ цæттæйæ уыдис йе стъолыл, райста йæ æмæ дзы сылгоймаджы мыггаг афыста. Уый фæстæ фæдзырдта сылгоймагмæ йæ кусæнуатмæ æмæ йын бацамыдта, къулыл цы стыр зæрдæйы ныв уыд, уымæ:

— Нæ мады хай, æз дæн æргомдзырд дохтыр. Мæнæ ацы зæрдæмæ кæсыс?

— О.

— Адæймаджы зæрдæйы ис æртæ клапæны, æмæ дæуæн уыцы æртæ клапæнæй дыууæ нал кусы. Цалынмæ ма дæхи къæхтыл лæууыс, уæдмæ гæнæн æмæ амалæй квотæ райсынтыл бацархай. Дæуæн цы операци кæнын хъæуы, уый у 700 мин сомы аргъ, фæлæ дзы дæуæй ницы хъæуы, уыцы æхца кардиоцентрæн бафиддзæн къазна, квотæ самал кæнын уæ къухы куы бафта, уæд. Фæлæ фæрæвдз кæнут, рæстæг дын бирæ нал ис.

Сылгоймагæн фырадæргæй йе 'взаг йæ дзыхы ауазал, йæ къæхтæ бадыдагъ сты, тыхамæлттæй ма йæ сынтæг ссардта. Фæдисы дзырд бакодта йæ лæппумæ. Уый йæ уæлхъус уайтагъд алæууыдис. Лæппу кардиограммæмæ æркастис æмæ зæрдæйы низты дохтыры дуар бахоста.

— Мидæмæ, — радзырдта йæм ставдбæрзæй дохтыр.

Лæппуйæн дæр равдыста зæрдæйы ныв, загъта йын, йæ мады зæрдæйы æртæ клапænæй дыууæ кæй нал кусынц æмæ рынчыны æвæстиатæй æндæр горæты кардиоцентрмæ ласын кæй хъæуы, уый дæр. "Самал кæнут квотæ, уыцы центры ис хорз дохтыртæ, æмæ дын цыбыр рæстæгмæ дæ мады йæ къæхтыл слæууын кæндзысты", — уыд йæ ныхас дохтырæн.

Лæппу æрхæндæгæй рацыдис, фæлæ иуцасдæр дызæрдыг кодта дохтыры ныхæстыл. Цалдæр боны размæ уыдис йе 'рдхорды фыды зианы. Æмæ уым фехъуыста уыцы кардиоцентры кой — зæронд лæджы мард уырдыгæй сластой, операцийы рæстæг амард.

Æмæ сфæнд кодта лæппу йæ мады кардиоцентрмæ аласын, фæлæ йын кæдæм загътой, уырдæм нæ. Цыбыр рæстæгмæ йæ къухы бафтыдис квотæ райсын æмæ аласта йæ ныййарæджы Мæскуымæ. Бинонтæ сæ мады фенын æнхъæл нал уыдысты, æнкъардæй йæ афæндараст кодтой.

Хæдтæхæг сæ уайтагъддæр ныххæццæ кодта Мæскуымæ, æмæ та сæ фæндаг ногæй Бакулевы центрмæ акодтой. Кæй зæгъын æй хъæуы, уым сылгоймаджы уавæр бæстон сбæрæг кодтой. Рынчын йемæ цы гæххæттытæ аласта, уыдонмæ дæр æркастысты æмæ загътой: "Ацы сылгоймагæн йæ кардиограммæ ивд æрцыд — барæй æви æнæбары, уый нæ зæгъдзыстæм. Æмæ кæд мæла, уæддæр йæ зæрдæйæ нæ. Кардиограммæ йын чи скодта, уыдонæн та сæ бынат кæнæ æррадоны ис, кæнæ ахæстоны".

Лæппуйæн йæ цинæн кæрон нал уыдис, хæрзæггурæггаг сæхимæ ныдздзырдта, кардиограммæйы хабар мæнг кæй рауадис æмæ операци кæнын кæй нæ хъæуы, уый тыххæй.

Ехх, тæхуды, ацы ран нæ радзырд куы фæуыдаид, фæлæ цард фæндонæй нæу. Уыцы тæккæ рæстæг æндæр горæты кардиоцентры иу ирон лæг йæ фыртæн лæгъстæ кодта: "Лæппу, фыдфынтæ федтон, нæ мын хъæуы операци кæнын. Уый бæрц рисгæ дæр нæ кæны мæ зæрдæ, алас мæ фæстæмæ нæхимæ, Ирыстонмæ".

Уыцы ныхасы рæстæг уым уыд дохтыр дæр. Уый лæппумæ фæдзырдта, иуварс æй акодта æмæ йын загъта:

— Уымæ хъусын нæ хъæуы, тарст у. Фæлæ йæ уавæр хорз нæу, бирæйы фаг нал у. Кæд ма дæ дæ фыд хъæуы, уæд мæнæ ацы гæххæттытæ бафысс, æмæ йын абон операци скæнæм.

Лæппу иуцасдæр бакатай кодта, фæлæ уæддæр гæххæттытæ бафыста. Йæ фыды æрбахъæбыс кодта æмæ йын ныфсытæ авæрдта:

— Мацæмæй тæрс, адон дæсны дохтыртæ сты. Афынæй дæ кæндзысты æмæ цыбыр рæстæджы фæстæ дæ зæрдæ кæм ис, уый зонгæ дæр нал кæндзынæ.

— О, мæ хур, нæ мын хъæуы операци кæнын...

Зæронд лæджы ныхасмæ хъусæг нæ фæци. Стъолыл æй æрхуыссын кодтой æмæ йын фынæйы хос бадардтой. Йæ хъустыл ма ауадис, риуы гуыдырыл лыггæнæг хырх куыд æркуыста, уый æхситт...

Хирург йæ кард иуварс æрæвæрдта, ставд сынчытæй риуы гуыдыр фæстæмæ бахуыдта. Операцитæ кæм кодтой, уыцы уаты дыууæ сахаты бæрц арвыста, стæй уæд йæхиуыл дон скалдта æмæ фæлладхуызæй мард лæджы фырты раз æрлæууыдис:

— Сæр дæ бахъуыди, лæппу. Адзалæн мадзал нæй, хъæддых фæлæуу. Бæргæ, раздæр æй куы сластаис, уæд æй адзæбæх кодтаин, фæлæ йæ зæрдæ бæмбæджы хуызæн сси, нал бафæрæзта...

Æмæ уыцы ныхæсты фæстæ фæраст сæйраг дохтыры кабинетмæ. Уым сæйраг дохтыр хирурджы афарста:

— Цæй, цы? Амæн дæр та йæ зæрдæ лæмæгъ разынди, нæ бафæрæзта? Ацы мæй дын кæцы у?

— Дæсæй æхсæзæм, — загъта хирург.

— Цæй, ницы кæны, чи аирвæзт, уыдон зæгъдзысты — дæ руаджы цæрæм! Риуыгуыдыр бахуыйæггаг дын, мыййаг, чысыл æхца куы нæ фидын. Квотæйы æхцайæ "нæ хæрзгæнæгæн" цы æмбæлы, уый дæр ыл сæмбæлын кæн. Æмæ уыцы дохтырæн зæгъ, цæмæй нæм æрыгондæр "рынчынты" æрвита, уыдонæн сæ зæрдæтæ кæд фидардæр уаиккой.

— Хорз, — загъта хирург æмæ федтæдуар.

Уыцы рæстæг Ирыстоны та зиан кæртмæ рахастой. Цæрынхъуаг сылгоймаг дæр цалдæр боны размæ йæ адзал уыцы кардиоцентры ссардта. Мæрдзыгой адæм дистæ кодтой: "Фидар сылгоймаг куы уыдис, цы йыл æрбамбæлд?" "Æвæдза, лæджы цард ницы у, адзалæн мадзал нæй", — дзырдтой иннæтæ. Бинонтæ йæ фæстаг фæндагыл сæ зиан афæндараст кодтой.

Ирон æгъдаумæ гæсгæ зианæн дыууæ кæрдзыны куы ныххæлар кодтой, раст уыцы рæстæг ставдбæрзæй дохтырæн дæр йæ сихорафон æрцыд. Карз ноцт йæ асмæ гæсгæ цайцымæны рауагъта, анызта йæ, гогызы цъупп нурыдзæхдоны атыдта æмæ йæ арф баппæрста.

Ацы ран чидæр дзæгъдзæнис: "Йæ хъуыры фæбадтис, йæ гæндзæхтæ батылдта, йæ цæстытæ рабырыдысты æмæ йæ уд систа...". Куыннæ стæй! Тынг дзæбæх æй нынныхъуырдта, сойбылтæ асæрфта, къулыл цы зæрдæйы ныв уыд, уымæ скаст æмæ йæ мидбылты базарыд: "Клапæнтæ, клаапæнтæ, æхцатæ, æхцаатæ...". Æмæ йæ ног рынчынты бæрæггæнæн араст.

**Фæдисон**

## *Нывгæнæджы цæстæй*




*- Иронау чи нæ зоны, уыцы хицæутты сæ куыстæй исгæ кæнынц...*

**СЛАНТЫ Русланы конд ныв**

## Адæмон сфæлдыстадæй

# Нуазæн æмæ бæх

Хæрæфырт ирон адæммæ кадджын куыд нæ у. Байраг ын лæвар кодтой. Йу ахæмы иу æрыгон лæппу йæ хæларимæ йæ мадæрвадæлтæм ацыд. Дæрддзæф хъæуы цардысты мадæрвадæлтæ, æмæ сæ хæрæфырт афтæ тагъд адынджыр,уый сын æнæнхъæлæджы уыд. Фæцин ыл кодтой, йæ хæлары йын тынг сбуц кодтой. Кусарт сын акодтой æмæ сыхы фæсивæды фæхуыдтой. Фынджы хистæр цыты нуазæнæй ссардта хæрæфырты æрдхорды ном. Хæрæфыртæн та мадæрвадæлтæ ралæвар кодтой бæх.

Фæстæмæ здæхынц хæрæфырт æмæ йæ хæлар. Хæрæфырт — бæхыл, хъазгæ, хæлар та — фистæгæй.

— Кæсыс, цы бæх мын балæвар кодтой, иу ран лæууын нæ фæразы, йæ мидбынаты кафы, — йæхицæй ныббуц хæрæфырт.

— Бæх цы у, бæх. Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр хайуан. Цыты нуазæн дзы кæмæ æрхаудта? Мæнмæ. Уымæй кадджындæр ирон адæммæ цы ис! — мæстæймарæгау бакодта хæлар.

Хæрæфырт фæсæццæгонд, хъуыдыты аныгъуылд... Стæй бæх фæстæмæ фездæхта æмæ хъæумæ, йæ мадæрвадæлтæм фæцагайдта. Сæ кулдуары раз бæх абаста, мидæмæ фæдисы уад бакодта æмæ барджынæй, уæндонæй, тæргайхуызæй загъта:

— Нæ мæ хъæуы уæ бæх, радтут мын цыты нуазæн!

*(Чиныг "Ирон хъæлдзæг ныхæстæ"-йæ)*



ИУДЗИНАД
Учредитель: ООО "Сэвэр"
Редактор Аслан СЛАНОВ
Редакционный совет: Руслан КУЧИЕВ, Батраз КУЧИЕВ, Тамерлан МАРЗОЕВ, Сергей ТАБОЛОВ, Ахсарбек ФАДЗАЕВ.
Тираж 999 экз. Заказ № 711 Время подписания в печать: по графику — 19.00. фактически — 18.00. Бесплатно.
✓ При перепечатке материалов ссылка на "Иудзинад" обязательна.
✓ Мнение редакции не всегда совпадает с мнением авторов.
✓ Ответственность за достоверность материалов несут авторы.
Адрес редакции и издателя: 362041, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Маркова, 28. Тел.: 50-12-24. email: iudzinad@mail.ru сайт: www.iudzinad.ru
Отпечатано в ОАО "Осетия-Полиграфсервис" Адрес типографии: РСО-Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.